

# KATRIYÈM PATI

## Priyè krétyin-an

---

### PRÉMIÉ SÉKSION

## Priyè-a nan lavi krétyin-an

---

#### PRÉMIÉ CHAPIT

### Révélation priyè-a

## Sé tout moun yo rélé pou priyé

---

#### ATIK 3

### *Nan tan l'Égliz-la*

- 2623      Jou Pantkot-la, yo té vidé Éspri Promès-la nan disip-yo ki « té ansanm  
731      nan minm koté-a » (Ac 2, 1), antan y-ap tann li « yo tout t-ap pèsévéré  
ansanm nan priyè » (Ac 1, 14). Éspri-a k-ap anségné l'Égliz-la épi k-ap  
raplé-l tout sa Jézu té di (cf. Jn 14, 26), sé li k-ap fòmé-l tou pou lavi  
priyè-a.
- 2624      Nan prémié kominoté Jérusalèm-nan, moun ki té kouè-yo « yo té  
1342      pèsévéré nan ansègnman Apot-yo, nan kominion-an, nan séparé pin-an ak  
nan priyè-yo » (Ac 2, 42). Jan paròl-yo ranjé-a li bay karaktè priyè  
l'Égliz-la : ki fondé sou lafoua Apot-yo, ki garanti nan charité-a, ki nourri  
nan Ékaristi-a.
- 2625      Priyè sa-yo sé toudabò sa fidèl-yo tandé épi li nan Sint-Ékritu-yo, min  
yo adapté-yo dapré sa-k prézan nan lavi-yo, antan yo kòmansé sitou ak  
1092      psòm-yo, apati akonplisman yo-a nan Kris-la (cf. Lc 24, 27. 44). Éspri-  
Sin-an k-ap fè l'Égliz-la sonjé Kris-la konsa, l-ap kondui-l tou nan tout  
vérité-a épi l-ap fè nouvo fòmul parèt ki ékspriyé mistè Kris-la yo pa  
kapab sondé-a, sa k-ap travay nan lavi l'Égliz-la, nan sakréman-l yo épi  
nan mision-l nan. Fòmul sa-yo déplouayé nan gran tradision litijik-yo épi  
1200      spirituèl-yo. *Fòm priyè-yo*, sa Liv Apot-yo ékri ki kanonik-yo révélé-yo,  
ap toujou rété règ pèmanan pou priyè krétyin-an.

## I. Bénédikcion épi adorasion

- 2626 *Bénédikcion-an* éksprimé mouvman ki pi profon nan priyè krétyin-an :  
1078 sé rankont ant Bondié ak moun-nan li yé ; nan li kado Bondié-a épi aksépté moun-nan aksépté-l la ap rélé youn lòt épi ap fè youn ansanm. Priyè bénédikcion-an sé répons moun-nan bay kado Bondié-a : paské Bondié bay bénédikcion, kè moun-nan kapab béni-l (fè konpliman pou li) li-minm ki sous tout bénédikcion-an.
- 2627 Gin dé fòm fondamantal ki éksprimé mouvman sa-a : soua  
1083 bénédikcion-an monté anba gid Éspri-Sin-an palintèmediè Kris-la al jouinn Papa-a (nou béni-l, nou fè konpliman pou li, poutèt li béni nou ; cf. Ep 1, 3-14 ; 2 Co 1, 3-7. ; 1 P 1, 3-9.) ; soua l-ap sipliyé lagras Éspri-Sin-an ki désann sot kot Papa-a palintèmediè Kris-la (Papa-a béni nou ; cf. 2 Co 13, 13 ; Rm 15, 5-6. 13 ; Ep 6, 23-24).
- 2628 *Adorasion-an* sé premié dispozision moun-nan ki rékonèt li sé yon  
2096-2097 créatu dévan Kréatè-l la. Li lévé grandè Granmèt-la anlè, li-minm ki fè nou-an (cf. Ps 95, 1-6), épi li lévé tout-puisans Sovè-a ki libéré nou anba sa-k mal-la. Sé léspri-a ki bésé plat atè dévan « Roua gloua-a » (Ps 24, 9-10) épi ki fè silans ak respè dévan Bondié ki « toujou [...] pi gran-an » (S. Augustin, Psal. 62, 16). Adorasion Bondié ki toua foua Sin-an épi yo doué rinmin dépasé mézi-a, mété nou nan umilité épi li bay siplikasion nou-yo asirans.
- 2559

## II. Priyè démann-nan

- 2629 Nouvo Téstaman-an rich ak mo pou di siplikasion-an épi yo gin  
diféran nuans : mandé, réklamé, rélé ak insistans, invoké, rélé byin fò,  
396 pousé rèl épi minm « batay nan priyè-a » (cf. Rm 15, 30 ; Col 4, 12). Min fòm ki pi kouran-an, paské sé li ki pi spontané, sé démann-nan. Palintèmediè priyè démann-nan nou manifésté konsians rélasyon nou ginyin ak Bondié-a : kòm créatu, nou pa pròp orijîn-nou, ni mèt difikilté-yo, ni dènié finalité-nou, min kòm nou sé péchè, minm si nou krétyin, nou konnin nou viré do bay Papa-nou. Démann-nan sé déjà tankou yon tounin vîn jouinn li.
- 2630 Nouvo Téstaman-an prèské pa gin priyè lamantasion ki té vini souvan  
2090 nan Ansyin Téstaman-an. Déjà nan Kris-la ki résisité-a, éspérans-la ap poté priyè l'Égliz-la, minmsi n-ap tann toujou épi chak jou nou bézouin konvèti. Démann krétyin-an soti nan yon lòt profondè, nan sa sin Pòl rélé *jémisman-an* : jémisman kréasion-an « k-ap jémi, k-ap anfanté jous koulié-a » (Rm 8, 22), jémisman nou-an tou, antan n-ap tann « rédanmsion kò nou-an. Nou sovè réyéلمان an éspérans » (Rm 8, 23-24), épi anfin sé jémisman yo pa kapab palé, sa Éspri-Sin-an li-minm ap pousé pou-l « édè féblès nou : sèké nou pa konnin kijan pou nou priyé » (Rm 8, 26).

- 2631 *Mandé padon* sé premié mouvman priyè démann-nan (cf. biblikin-an :  
2838 « Bondié, pitié pou mouin péchè », Lc 18, 13). Sé sa ki vini anvan yon priyè ki kòrèk épi ki sinsè (juste et pure). Konfians umilité-a rémété nou nan limiè kominion avèk Papa-a épi Pitit li-a Jézu-Kri épi youn ak lòt (cf. 1 Jn 1, 7 – 2, 2) : lè sa-a « ninpòt sa nou mandé, n-ap résévoua-l nan min-l » (1 Jn 3, 22). Mandé padon-an vini anvan nan litiji ékaristik-la, minm jan-an tou nan priyè pèsònèl-la.
- 2632 Sa krétyin-an ap mandé-a santré sou dézi épi *chèchè Rouayòm* k-ap  
2816 vini-an, dapré ansègnman Jézu-a (cf. Mt 6, 10. 33 ; Lc 11, 2. 13). Gin yon  
1942 yérarchi nan démann-yo : toudabò Rouayòm-nan, apré sa sa-k nésésè pou akéyi-l épi pou kolaboré nan Avènman-l. Kolaborasion sa-a nan mision Kris-la ak Éspri-Sin-an, ki mision l'Égliz-la kounié-a, sé sa ki priyè kominoté apostolik-la (cf. Ac 6, 6 ; 13, 3). Priyè Pòl-la, apot tout bon-an, révéle nou kijan yon atansyon ki sot nan Bondié pou tout l'Égliz-yo doué animé priyè krétyin-an (cf. Rm 10, 1 ; Ep 1, 16-23 ; Ph 1, 9-11 ; Col 1, 3-6 ; 4, 3-4. 12). Ak priyè-a, tout moun ki batizé ap travay pou Avènman Rouayòm-nan.
- 2633 Lè n-ap patisipé konsa nan rinmin Bondié-a k-ap sové nou-an, nou  
2830 konprann *tout bézouin* kapab tounin objè démann-nan. Kris-la ki pran tout bagay sou li, pou-l kapab sové tout bagay, jouinn gloua nan démann nou prezanté bay Papa-a nan Non-l (cf. Jn 14, 13). Sé avèk asirans sa-a Jak (cf. Jc 1, 5-8) épi Pòl ankourajé nou priyé *nan tout okazion* (cf. Ep 5, 20 ; Ph 4, 6-7 ; Col 3, 16-17 ; 1 Th 5, 17-18).

### III. Priyè intèsésion-an

- 2634 Intèsésion-an sé yon priyè démann ki konfòmé nou pi pré ak priyè  
432 Jézu-a. Sé li-minm sèl k-ap intèsédé kot Papa-a pou tout moun-yo, an patikilié pou péchè-yo (cf. Rm 8, 34 ; 1 Jn 2, 1 ; 1 Tm 2, 5-8). Li-minm « li kapab sové moun yo ki proche kot Bondié palintèmédiè-l, antan-l vivan tout tan pou-l priyé pou nou » (He 7, 25). Éspri-Sin-an minm « ap priyé pou nou [...], paské sé dapré Bondié li priyé pou sin-yo » (Rm 8, 26-27).
- 2635 Intèsédé, mandé pou yon lòt, dépi apati Abraam, sé sa ki karakteristik  
2571 yon kè ki konfòm ak mizérikòd Bondié-a. Nan tan l'Égliz-la, intèsésion krétyin-an patisipé nan intèsésion Kris-la : li sé ékspresyon kominion sin-yo (tout byin zanmi Bondié-yo fè sèvi lòt-yo). Nan intèsésion-an, moun k-ap priyé-a, pa konsidéré « avantaj pèsònèl li, min okontrè afè lòt-yo » (Ph 2, 4), joustan li priyé pou moun ki fè-l sa-k mal-yo (cf. Étièn k-ap priyé pou bouro-l yo, tankou Jézu : cf. Ac 7, 60 ; Lc 23, 28. 34).
- 2636 Premié kominoté krétyin-yo té viv fòm pataj sa-a ak anpil intansité (cf. Ac 12, 5 ; 20, 36 ; 21, 5 ; 2 Co 9, 14). Apot Pòl fè yo patisipé nan fason

1900  
1037

sa-a nan ministè-l pou Évanjil-la (cf. Ep 6, 18-20 ; Col 4, 3-4 ; 1 Th 5, 25), min li intèsédé pou yo tou (cf. 2 Th 1, 11 ; Col 1, 3 ; Ph 1, 3-4). Intèsésion krétyin-an pa gin frontiè : « pou tout moun, pou [...] tout moun ki nan yon plas ki ro » (1 Tm 2, 1), pou sa k-ap pèsékité yo (cf. Rm 12, 14), pou sa-yo k-ap réjité Évanjil-la kapab sovè (cf. Rm 10, 1).

#### IV. Priyè aksion-d-gras-la

- 2637  
224, 1328  
2603  
2638
- Aksion-d-gras-la (di mèsì) sé karakteristik priyè l'Égliz-la lè l-ap sélébré Ékaristi-a koté li montré sa-l yé épi li vîn sa-l yé-a pi plis. Sé tout bon vré nan travay salu-a, Kris-la libéré kéatu-a anba péché-a ak anba lanmò-a pou-l konsakré-l yon lòt foua épi fè-l tounin kot Papa-a pou gloua-l. Aksion-d-gras manb Kris-la patisipé nan aksion-d-gras Tèt yo-a.
- Minm jan ak nan priyè démann-nan, ninpòt évenman épi ninpòt nésésité kapab tounin ofrann épi aksion-d-gras. Lèt sin Pòl-yo, anpil foua, yo kòmansé épi yo fini ak yon aksion-d-gras, épi Granmèt Jézu toujou prézan ladan yo. « Nan tout okazion sé pou nou rann gras : sa-a sé volonté Bondié nan Kris Jézu pou nou tout » (1 Th 5, 18). « Nan priyè-a rét fidèl, réjé vijilan ladan-l nan di mèsì » (Col 4, 2).

#### V. Priyè louanj-la

- 2639  
213  
2640  
2641
- Louanj-la sé fòm priyè ki rékonèt pi dirèktéman Bondié sé Bondié. L-ap chanté-l pou li-minm minm, l-ap ba li gloua, pa poutèt sa-l fè, min paské LI ÉGZISTÉ. Li patisipé nan béatitud moun ki gin kè pròp-yo, ki rinmin-l nan lafoua, anvan yo ouè-l nan gloua-a. Palintèmediè-l, Éspri-a fè youn ak éspri-nou pou-l témouagné nou sé pitit Bondié (cf. Rm 8, 16), li rann témouagnaj bay sèl Pitit-la, sé nan li yo adopté nou épi sé palintèmediè-l nou bay Papa-a gloua. Louanj-la mété ansanm lòt fòm priyè-yo épi li minn yo bay sa-a ki sous épi aboutisman yo tout-la : « Yon sèl Bondié Papa-a, li minm tout bagay soti nan li-a épi nou minm nan li-a » (1 Co 8, 6).
- Sin Luk fè sonjé anpil foua nan Évanjil li-a admirasion ak louanj dévan mèvèy Kris-la, li souligné yo tou poutèt aksion Éspri-Sin-an, ki Travay Apot-yo : kominoté Jérusalèm-nan (cf. Ac 2, 47), moun k-ap bouaté-a Piè ak Jan géri-a (cf. Ac 3, 9), foul-la k-ap bay Bondié gloua poutèt sa (cf. Ac 4, 21), épi payin-yo nan Pisidi ki « té kontan, épi yo té bay paròl Granmèt-la gloua » (Ac 13, 48).
- « Sé pou nou chanté Psòm, kantik ak chanté spirituèl nan pami nou, sé pou nou chanté, pou nou fè louanj Granmèt-la nan kè-nou » (Ep 5, 19 ; Col 3, 16). Minm jan ak ékrivin inspiré-yo nan Nouvo Téstaman-an, premié kominoté krétyin-yo té réli liv Psòm-yo antan y-ap chanté mistè

- 2487 Kris-la nan yo. Nan nouvo té Éspri-a, yo té konpozé imn tou ak kantik ki soti apati évenman Bondié té réalizé nan Pitit li-a, évenman yo pa-t janm tandé anvan : Inkarnasion li-an, Lanmò li-a ki ranpòté viktoua sou lanmò, Réziréksion-l nan épi Asansion adouat Papa-a (cf. Ph 2, 6-11 ; Col 1, 15-20 ; Ep 5, 14 ; 1 Tm 3, 16 ; 6, 15-16 ; 2 Tm 2, 11-13). Sé apati « mèvèy » sa-yo, louanj (doksoloji) tout Prinsip ki réglé sovè nou sovè-a (Économie du salut) ap monté, louanj Bondié (cf. Ep 1, 3-14 ; Rm 16, 25-27 ; Ep 3, 20-21 ; Jude 24-25).
- 2642 Révélation « sa-k gin pou rivé byin vit-yo », Apokalips-la, sé kantik  
1137 litiji sièl-la k-ap poté-l (cf. Ap 4, 8-11 ; 5, 9-14 ; 7, 10-12), min tou intèsésion « témouin-yo » (mati-yo : Ap 6, 10). Profèt-yo épi sin-yo, tout moun yo té touyé sou tè-a poutèt témouagnaj Jézu-a (cf. Ap 18, 24), foul moun yo pa kapab konté ki vîn sot nan gran tribilasyon-an é ki pran dévan nou nan Rouayòm-nan, ap chanté gloua Sa-a ki chita sou Trôn-nan épi Mouton-an (cf. Ap 19, 1-8). Nan kominion avèk yo, l'Égliz-la sou tè-a tou ap chanté kantik sa-a, nan lafoua ak nan tribilasyon. Nan demann ak intèsésion, lafoua-a éspéré kont tout éspérans épi l-ap fè aksion-d-gras pou Papa limiè-yo koté tout kado ki fîn apouin nèt soti désann (Jc 1, 17). Konsa lafoua-a sé louanj sèlman.
- 2643 Ékaristi-a gin ladan-l épi li éksprimé tout fòm priyè-yo : li sé « ofrann  
1330 ki kòrèk » tout kò Kris-la pou gloua Non-li (cf. Ml 1, 11) ; li sé, dapré tradision oriental épi oksidantal-la, « sakrifis louanj »-la.

### RÉZIMÉ

- 2644 *Éspri-Sin-an k-ap anségné l'Égliz-la épi k-ap raplé-l tout sa Jézu té di, ap édiké-l tou nan lavi priyè-a, antan li fè nouvo ékspréssion parèt anndan fòm ki pèmanan-yo : bénédiksion, demann, intèsésion, aksion-d-gras épi louanj.*
- 2645 *Sé paské Bondié béni-l ki fè kè moun-nan kapab fè konpliman pou li an rétou (béni-l tou), li-minm ki sous tout bénédiksion.*
- 2646 *Priyè demann-nan gin kòm objè : padon-an, chèché Rouayòm-nan, épi tout vrè bézouin.*
- 2647 *Priyè intèsésion-an sé mandé pou lòt-yo. Li pa gin limit épi li rivé jous pou ènmi-yo.*
- 2648 *Tout kè kontan épi ninpòt ki doule, tout évenman épi ninpòt ki nésésité kapab tounin matiè pou aksion-d-gras-la, ki doué ranpli tout lavi-a antan-l patisipé nan aksion-d-gras Kris-la : « Nan tout okazion sé pou nou rann gras » (1 Th 5, 18).*
- 2649 *Priyè louanj-la, ki totalman gratis, minnin nan Bondié ; l-ap chanté-l pou li-minm minm, l-ap ba li gloua, pa poutèt sa-l fè, min paské LI ÉGZISTÉ.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)